១១១១១១



១ ១ ១ ១ ១ ១ ១ ១ ១

១ ១ ១ ១ ១ ១ ១ ១

Dr. Alb. C. KRUIJT

f 0.30

Dr. Alb. C. KRUIJT

6 607 à f 0.30 . . . = f 1.80

Dr. Alb. C. KRUIJT

108 . . . . . f 1.—

Dr. Alb. C. KRUIJT

ᏗᏫᏂᏚ 51 ᏧᏬᏂᏍᏗᏓᏅᏙᏗ ᏧᏬᏂᏍᏗᏓᏅᏙᏗ 25 ᏕᏥᏅᏍᏗᏓᏅᏙᏗ 1932 ᏧᏬᏂᏍᏗᏓᏅᏙᏗ VII

ᏗᏂᏍᏚᏍᏗᏍᏗᏍᏗ

Alg. Secretaris P. J. Gerke



B. J. de Leeuw (Financiën), Mr. J. J. Schrieke (Justitie), A. Mühlenfeld (B. B.), Dr. Ch. J. Bernard (Landbouw), J. F. Osten (Marine) en H. A. Cramer (wadya Daratan).

། ཤ ཀ ལ ཁ ཚ ཆ ཁ ཀ ལ ཤ ། ཁ ཀ ལ ཤ ཁ ཀ ལ ཤ ཁ ཀ ལ ཤ

ألفريد هيتشكوك، مارلين ديتريش، ماريا ريتا

VI.

ᨿᨾᨾᨿᨾᨾᨿᨾᨾ

«[illegible]»

NGOBROL ING DINTEN SABTOE

Pakempalan djoernalis Asia.

Wonten kabar, bilih dèrèng dangoe ponika ing Soerabaja wonten ada-ada badé ngedegaken pakempalan djoernalis Asia. Menggahing koela wontenipoen ada² poenika, saoepami kagalih boten tjotjog inggih tjotjog, nanging manawi kapoerih ngroedjoeki babar pisan inggih kapeksa kedah . . . . . mangké roemijin. Awit angedegaken pakempalan ingkang makaten waoe, sajektosipoen pantjèn inggih ragi gawat. Toemraping koela pakempalan djoernalis ingkang nama matoek poenika, namoeng warni kalih, inggih poenika ingkang kénging koela wastani: Nationalistische journalistenbond (pakempalan djoernalis kabangsan) toewin Journalistenbond (pakempalan djoernalis) saoemoemipoen.

Menggah ingkang koela wastani: djoernalis kabangsan toemrap tanah ngriki, inggih poenika sadaja djoernalis bangsa Indonesia ingkang anggadahi antjas angadjengaken bangsa toewin tanah woetah rahipoen, kanti boten amredoeli poenapa djoernalis waoe njamboetdamel wonten ing serat kabar gadahaning bangsanipoen pijambak, gadanipoen bangsa Walandi, Tionghoa poenapadéné gadahipoen rama Goepremèn kadosdéné sakoela poenika.

Ingadjeng koela matoer djoernalis tijang tanah ngriki, ingkang njata anggadahi antjas: ngoedi dateng kamadjenganing bangsa toewin tanah woetah rahipoen. Awit sanadyan djoernalis bangsa pijambak, kadang² inggih sok wonten, ingkang djalaran anggadahi tauké ingkang tedanipoen mertéga lan kèdjoe, noenten sadaja-sadajanipoen kedah mawi dipoen boemboni mertéga lan kèdjoe. Toemrap tijang ingkang tjekak beboedèn toewin seserepanipoen, doepèh mregoki djoernalis bangsa tijang siti ingkang makaten lagéjanipoen waoe, inggih ladjeng moekoel gambang sama rata kémawon, amastani, bilih, sanadyan djoernalis kabangsan toelèn, manawi njamboetdamel dateng ariwarti gadahipoen bangsa Tionghoa karemanipoen boten kénging boten inggih temtoe: tjaptjay toewin bakleytja, manawi koranipoen waoe gadahanipoen bangsa Walandi, sampoen genah manawi dojananipoen: bier oetawi tjioe. Langkoeng malih manawi ingkang anggadahi serat kabar oetawi kalawarti poenika rama Goepremèn, wah hla poenika pandakwanipoen inggih ingkang boten-boten kémawon, tjekakipoen inggih entèk amèk koerang golèk sajektos.

Toemrap tetijang ingkang pantjèn tjekak beboedèn toewin seserepanipoen kados inginggil, ingkang katahkatah sok ladjeng boten ngèngeti, bilih tradjanging tijang poenika béda-béda, langkoeng malih toemrap antjas soemedya angadjengaken bangsa toewin tanah woetah rahipoen. Wonten ingkang toemindakipoen njara Radèn Wrekoedara, nalikanipoen matak adjinipoen: woengkal bener, lampahipoen ngoetoe, anradjang rawé-rawé rantas, malang-malang poetoeng. Wonten malih ingkang tjaranipoen nindakaken antjasipoen sarana: ngoeler kambang, tegesipoen alon-alon anggeré kelakon. Nanging wonten oegi ingkang panindakipoen saoepami misajaa oelam makaten, inggih ingkang: kena iwaké nanging adja nganti boetek banjoené. Dados ingrikoe tjeta, bilih tjaranipoen anggèning badé ngoedi poenapa ingkang kagajoeh waoe, sami béda-béda, nanging sadaja-sadaja ingkang dados bakoening sedya rak inggih sami kéwala. Sampoen temtoe toemrap satoenggal-satoenggaling djoernalis wonten wewaleripoen ingkang boten kénging katradjang. Kadosta: menggahing djoernalis ingkang njamboetdamel wonten ing serat kabar Tionghoa, temtoenipoen inggih boten kénging ngewrat karangan oetawi wawasan ingkang kininten badé adamel kapitoenaning bangsa Tionghoa oemoemipoen. Makaten oegi djoernalis ingkang njamboetdamel wonten ing serat kabar gadahanipoen bangsa Walandi oetawi Goepremèn pisan, sampoen temtoe inggih dipoen awisi amatjak prakawis-prakawis ingkang badé andatengaken kapitoenan toemrap ingkang soeka padamelan. Nanging kados-kados rak boten badé kirang margi anggèning badé ngadjengaken bangsa toewin tanah woetah rahipoen waoe, ingkang sarana boten mawi ngroegèkaken taukénipoen. Kadosta oepaminipoen, angadjengaken ing bab: kaboedidajan, kaeconomian, kawroeh toewin seserepanipoen, sarta taksih katah malih sanès-sanèsipoen, ingkang sakinten boten anerak wewaleripoen ingkang gadah padamelan waoe.

Menggahing pamanggih koela inggih para djoernalis tijang siti ingkang sanadyan tjaranipoen béda-béda nanging antjasipoen sami kados ingkang koela andaraken inginggil poenika, ingkang pantes sareng-sareng angedegaken pakempalan, ingkang koela wastani: Nationalistische journalistenbond waoe. Ingrikoe ladjeng boten ngemoengaken saged sareng-sareng sami ngoedi dateng kamadjenganing bangsa toewin tanah woetah rahipoen, nanging oegi saged sareng-sareng sami ngoedi dateng kamadjenganing kadjoernalistikanipoen. Awit ingrikoe wadjib dipoen akeni, bilih kadjoernalistikan kita poenika manawi dipoen panding kalijan sanès bangsa kantoenipoen taksih njamoet-njamoet sanget.

Inginggil sampoen koela atoeraken, bilih koela matoek saoepami ladjeng ngedegaken pakempalan djoernalis saoemoemipoen. Dados ingrikoe ladjeng boten ambédak-bédakaken bangsa. Sintena kémawon inggih bangsa

tijang Indonesia, Tionghoa, Arab, Filippina, Djepan poenapadéné bangsa Walandi pisan, anggeripoen nama djoernalis inggih kéngang-kénging kémawon loemebet dados warganing pakempalan. Nanging sedyanipoen pakempalan temtoenipoen inggih ladjeng béda sanget, inggih poenika boten sanès kadjawi ngoedi ḍateng kawroeh: djoernalistiek. Dados inggih boten beḍa kados tijang ingkang ngoedi ḍateng kawroeh: kadokteran, palintangan, pamisah lan sanès-sanèsipoen, lo, poenika kados-kados inggih boten wonten peprintjènipoen satoenggal-satoenggal, kadosta: kawroeh kadokteran Europa oetawi Amerika, kawroeh palintangan Asia oetawi Afrika, nanging sadaja-sadaja waoe kawroeh internationaal, tegesipoen: kawroeh oemoem sadjagad. Makaten oegi kawroeh djoernalistiek inggih kagolong kawroeh internationaal, dados inggih boten wonten peprintjènipoen.

Samangké angrembag sawatawis ingkang dados sabab-sababipoen déné koela boten patos notjogi ḍateng wontenipoen pakempalan djoernalis Asia poenika. Sadjatosipoen koela roemaos tiḍa-tiḍa menggah ingkang dados antjasing pakempalan waoe, saoepami saèstoe kalampahan saged ngadeg. Djalaran kabetahaning sawarnining bangsa Asia ingkang dedoenoeng wonten ingriki poenika sami béda-béda, sanadyan sadaja-sadaja ingkang dados pepoentoning sedya namoeng pados . . . . foeloes. Toemraping bangsa Tionghoa, ingkang dipoen agengaken babagan among dagang. Saking agenging dedaganganipoen bangsa Tionghoa ing tanah ngriki, ngantos wonten sawenèhing sardjana ingkang anglahiraken pamanggihipoen makaten: „Jèn bangsa Tionghoa nganti ninggal tanah Djawa, tanah Djawa meṣṭi bakal rekasa, sabab bangsa Tinghoa ikoe kèna dioepamakaké kreteg, kang angganḍèng wongwong Djawa karo para soedagar geḍé kang anekakaké barang mréné." Makaten oegi bangsa Arab ingkang dedoenoeng wonten ingriki, ingkang dipoen agengaken inggih prakawis among dagang. Malah saweneh wonten ingkang tjaranipoen among dagang waoe kanṭi dipoen saranani djoemeneng bendara toean T (ien) T (waalf) T (erug), tegesipoen: satoenggiling bendara toean ingkang poeroen ngetjoelaken 10, nanging wangsoelipoen inggih kedah 12. Bangsa Filippina dedoenoeng wonten ingkriki, tjaranipoen ngoepados foeloes, sarana barang moesik. Déné bangsa Djepang ngoembara ing tanah ngiriki, sinten soemerep, mbokmanawi . . . . . namoeng among dagang kéwala.

Ingrikoe tetéla bilih kabetahanipoen bangsa Asia warni-warni ingkang sami wonten ing tanah ngriki poenika sadaja sami béda-béda, toewin ingkang kaṭahkaṭah adamel kapitoenaning rakjat ngriki. Djalaran mèh sadaja tindaking rakjat ngoepados panggesangan poenika prasasat karebat déning bangsa[3] Asia kaseboet inginggil.

Saladjengipoen kados poendi antjasing pakempalan djoernalis Asia waoe? Kabetahaning bangsa poendi ingkang baḍé dipoen tengenaken? Menggahing pangraos koela dajaning pakempalan waoe inggih ngemoengaken saoepami adamel ada-ada ananggoelangi kaoem reactionnair, inggih poenika kaoem panglawan kamadjengan.

Pramila mitoeroet wawasan ingkang kaseboet inginggil, kados boten preloe katerangaken malih, bilih antjasing pakempalan waoe saged adjeg, inggih ladjeng kénging kabaḍé: kaṭah botenipoen dipoen sajogjani déning djoernalis bangsa Asia sanèsipoen, djalaran, sampoen temtoe kémawon, empon-emponaning kamadjenganipoen para djoernalis waoe, inggih ateges kamadjenganing tanah Indonesia dalah tetijangipoen, lan saladjengipoen kamadjenganing tanah Indonesia poenika ngalamat kamoendoeraning bangsa Asia sanèsipoen ingkang sami toemoet adedoenoeng wonten ngriki, saha ingkang sami ngadjengaken panggesanganipoen.

Lah saoepami ngantos kelampahan makaten, dados tetéla bilih bangsa Asia sanèsipoen waoe prasasat adjak[3] andjiret djangganipoen pijambak. Dados nama anèh.!

Ingadjeng sampoen kaanḍaraken, bab baḍé wontenipoen ada-ada pakemplanipoen para djoernalis poenika toemrap raosing manah koela pijambak taksih tiḍa-tiḍa, djalaran mirib kawontenan-kawontenan ingkang sami kasat mripat samangké éwoehaja saèstoe. Lampahing pakempalan boten baḍé kadjembaraken, dangoe-dangoe temtoe gaḍah paneḍa pijambak, nanging jèn tinoeroetan temtoe boten baḍé soeboer gesangipoen, déné ladjeng kaṭah sanget pepalang-pepalang ingkang amalangi loempating antjasipoen pakempalan.

Hara! ladjeng kados poendi boedidajanipoen. Sanadyan wonten boedidaja ingkang sakinten kénging kanggé dedamel ananggoelang pepalang waoe oepaminipoen, nanging poenapa koela sadaja sami boten sami ngroemaosi ringkihing kekijatanipoen. Éwasamanten, sadaja-sadaja poenika manawi pantjèn sampoen dipoen nijati sajektos, ḍawahing pepalang-pepalang ingkang baḍé ngébat-ébataken santosanipoen, inggih baḍé saged linoempatan kalajan gampil, djandji nganggé adji-adji saéka praja.

Awit saking poenika, saoepami bab baḍé adegipoen pakempalan waoe sampoen kamanah mateng, koela kapeksa tjawé-tjawé, ing sadèrèngipoen toemindak, ingkang kedah katindakaken roemijin, adjak-adjak manoenggilaken ingatasipoen bab poenika, preloenipoen manawi sampoen saged kapanggih rembagipoen, ing tembé boten baḍé tjeṭoenṭoengan anggèning sami loemampah wonten ing margi ingkang loenjoenipoen ngoengkoeli wod galega binalonjo ing kenḍal.

Doemoegi samanten atoer koela, moegi dadosa panggalihanipoen para ingkang sami ngadani baḍé adeging pakempalan djoernalis Asia waoe. Ing saladjengipoen antjas ingkang sakalangkoeng oetami saha langkoeng premati sageda kasembadan kanṭi widada sarta wohing boedidaja waoe angénggalna lampahing kamadjenganipoen tanah Indonesia dalah tetijangipoen bangsaning

PENṬOEL.

KABAR WARNI-WARNI

PEṬIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SÈSAN.

TANAH NGRIKI.

Pakempalan kepedjahan wanita. Ing Bandjarnegara wonten adaadanipoen para wanita ngedegaken pakempalan kepadjahan, warganipoen sampoen wonten 60, pakempalanipoen nama: Tarbijatoel Anwat. Antjasing sedya samangsa wonten tijang pedjah baḍé tetoeloeng, saja manawi toemrap golongan wanita.

Poenika sajektosipoen inggih satoenggiling kamadjengan, awit limrahipoen ingkang sampoen, manawi wonten kepedjahan, toemrap golongan wanita, sanadyan iṭoe anggèning tandang toeloeng, sadjak dèrèng katingal, béda manawi sampoen pangawak pakempalan makaten poenika.



Njepeng tijang damel arak peteng kalijan medjahi sawer. Pel polisi ing Kisaran dipoen pangagengi mantri poelisi anggropjok grija panggénan damel arak peteng, djangkep saboetamalanipoen sadaja. Éndjingipoen poelisi waoe ambekta vrachtauto baḍé kanggé ngewrat barang-barang waoe, woesana kasoemerepan ingrikoe wonten sawer ageng noedjoe nglekeri babi, ladjeng dipoen pedjahi pisan. Sawer waoe pandjangipoen 5 ¼. m.

Wonten margi kanggé malebet ḍateng T. S. Ngajogja. Wonten pawartos, laré-laré ingkang boten ketampèn ing voorklas Mulo toewin klas 1, saged nglebeti examen ḍateng T. S.

Poenika satoenggiling wenganan margi ingkang sampoen pepet, moegi-moegi dados pitoeloengan jektos.

Dajanipoen Kjai Madrais ing Koeningan sampoen soeda. Kjai Madrais ing Koeningan ingkang misoewoer ambangoen agami énggal nama Pasoendan Djawa, gaḍah moerid éwon, saben taoen sapisan ngawontenaken karaméan ngantos satoes dinten. Nanging ing wekdal poenika katingal sepen, bokmanawi para moerid sampoen sami soeda antepipoen.

Kamisoewoeranipoen para kjai ingkang ladjeng soeda makaten, poenika kerep pinanggih, déné sababipoen warni-warni, nanging oegi wonten ingkang tetep salami-laminipoen. Poenika kénging kanggé titik manawi saé poenika inggih tetep saé.

Kalawarti „Penghiboer" saèstoe baḍé medal. Béndjing wiwitaning woelan Juli ngadjeng poenika, kalawarti ingkang kanamakaken „Penghiboer" saèstoe baḍé medal, isinipoen kaangkah ngewrat raos ingkang saged damel panglipoer wonten ing djaman malèsèd. Kalawarti waoe baḍé aḍapoer boekoe, oekoeran 30 cm × 22 cm, mawi delantjang saé, tapihipoen mawi dipoen tjap mawi mangsi 2 warni. Reginipoen sawoelan f 0.50 oetawi 3 woelan f 1.35. Sawoelan medal kaping kalih. Pangintoenipoen serat ḍateng Administratie „Penghiboer", Pasarkliwon-straat, Sala.

Moegi wedaling kalawarti „Penghiboer" widadaa sampoen kirang satoenggal poenapa.

Ing Boemidjawa awis teḍa. Mitoeroet pawartos, tetijang siti ing Boemidjawa sami kekirangan oewos; ing saben dintenipoen tetijangipoen sami neḍa gegoḍongan; manawi daloe awis tijang saged dilahan. Mirid pepriksan, saben grija 700, ingkang nanḍang kamlaratan 500.

Ing sapoenika wonten pawartos kados makaten, saèstoe adamel anglesing manah. O, moegi kawontenan ingkang kados makaten poenika toemoenten énggal sirep. Toewin manḍega wartos kémawon.

Oentabing tijang njamboetdamel kados toja bena. Ing wekdal poenika ing Temanggoeng noedjoe wonten bikakakan padamelan woning-verbetering. Kaṭah tetijang saking Koelon Progo sami pados padamelan mrikoe, dados toekang batoe, oenḍagi toewin sanès-sanèsipoen. Ingrikoe katingal bilih kaṭah tijang betah panggesangan.

Mirid kawontenan ingkang kados makaten poenika ladjeng katingal, bilih ing mangsa poenika tijang pados panggesangan poenika rekaos jektos.

Katrangan saking Paréntah bab Mosvia. Awit saking atoer pamiterangipoen pangrèh ageng P. P. B. B., Paréntah anḍawoehaken, bilih soewaking Bestuursschool, Mosvia ing Prabalingga toewin Fort de Kock, poenika namoeng sawatawis taoen, njarengi djaman malèsèd, ing tembé baḍé karembag malih.

Dados menggah ing pangadjeng-adjeng taksih wonten. Soekoer.

Parepatan boten saèstoe. Wonten pawartos, P. N. I. pang ing Temanggoeng mentas baḍé parepatan, dipoen ḍatengi ing tijang kirang langkoeng 1500, manggèn ing grija gambar idoep. Nanging sandé déning pangagenging grija gambar idoep pakèwed njoekani palilah, saha oegi dipoen pambeng déning ingkang wadana. Pinanggihipoen boten damel mareming ngakaṭah.

Lalampahan kados makaten poenika aḍakan dados ginem wonten ing poendi-poendi. Tjobi dipoen jektosi kémawon.

Kamadjengan ing djaman malèsèd. Ing Kajèn wonten pakempalan strijkorkest, sadaja tetaboehanipoen sami damelanipoen pijambak, sadaja sampoen toemindak saé, Ingkang dados panoentoening pakempalan toewan Tashari (S).

Sajektosipoen bangsa Djawi poenika kagolong gaṭékan, kaṭah koepijanipoen ingkang katingal. Kinten-kinten manawi saja kapèpèt, poenapa boten saja mletik manahipoen. Pinoedji kémawon.

Congres pakempalan Kawoela ing Ngajogjakarta ingkang kaping kalih. Kawartosaken, P. K. N. badé ngawontenaken congres dipoen djenengi Bandara Pangéran Soerjadiningrat. Ingkang badé karembag ing bab preloe-preloe ingkang dados kabetahaning kawoela. Pakempalan waoe sampoen gadah warga 180.000.

Tandangipoen P. K. N. tansah saja katingal, moegi saladjengipoen sageda aneroesi kados ing pangadjeng-adjenging ngakatah.

Kasagedan noempak sepédah motor. Pambantoe Kadjawèn martosaken, toewan Moenadji ing Ngawi, gadah kasagèdan noempak sepédah motor ingkang sakalangkoeng ngédap-édapaken, patraping panoempak warni-warni. Toewan Moenadji waoe mentas noempak sepédahipoen andjadjah kita-kita ing tanah Djawi.

Poenapa poenika oegi boten nama satoenggiling kamadjenganipoen tijang siti?

Pakempalan wanita Widawara ing Weleri. Ing Weleri poenika sanadyan kita alit, nanging katingal kamadjenganipoen, malah ing sapoenika wonten pakempalanipoen wanita nama Widawara, antjasing sedya badé ngloehoeraken dradjating wanita, sarana netepi kasoesilan toewin koewadjibaning wanita (P. W.).

Pinanggihipoen wonten ing djaman sapoenika, wanita ingkang boten ngambah dateng pakempalan katingal anggènipoen kékoek. Mila oetami sanget déné ing poendi-poendi ladjeng toewoeh pakempalan wanita.

Djor-djoran ngandapaken prabéja. Tetoempakan ing Semarang djor-djoran ngandapaken prabéja. Bis saking Djomblang doemoegi aloen-aloen prabéjanipoen namoeng 3 sèn. Trèm ing kita saking Djomblang doemoegi aloen-aloen, roemijin prabéjanipoen 4 sèn, toewin saking aloen-aloen doemoegi Boeloe, 3 sèn, sapoenika kadamel ratjak sami ngalih sèn. Malah dalah lampahipoen oegi karikataken.

Mangga samia mandap malih, tijang temtoe sami seneng kémawon. Bok inggih tanpa ambajar pisan, temtoe inggih kémawon.

Rerigen ananggoelangi pès. Djalaran saking ngrebdanipoen sesakit pès ing Garoet, pakarjan pananggoelang sesakit pès toemandang medjahi tikoes-tikoes ing grija. Kadjawi poenika oegi nindakaken rerigen badé andandosi margi-margi ingkang djeblog, awit oeci dados sarana nanggoelangi sesakit waoe.

Kados tetijang ing pakampoengan inggih ladjeng sami mangretos, bilih rerigen waoe migoenani sajektos. Lan oegi roemaos beqdia, déning dialaran saking wontening sesakit waoe ladjeng saged manggih margi saé.

Goeroe-goeroe sekolahan doesoen sanès poenggawa Nagari. Kawartosaken, hoofdbestuur P. G. H. B. mentas ngatoeraken serat patoeran dateng Departement Pangadjaran, soeraosipoen njoewoenaken kindertoeslag dateng para goeroe doesoen, woesan angsal wangsoelan awaton staatsblad, goeroe sekolahan doesoen poenika sanès poenggawa Nagari. Bab poenika hoofdbestuur ladjèng gadah atoer dateng Raad kawoela.

Kados poenapa gelanipoen para goeroe doesoen, déné manggih panganggep kados makaten. Boten langkoeng pinoedji moegi angsala pamarem, kados ingkang dados krenteging manah.

ASIA.

Tindakipoen djéndral Ma Chan San. Wadya ingkang dipoen tindihi djéndral Ma Chan San sami boejar déning kadeseg wadya Djepan, ingkang ngepang wadya Tionghoa, malah wadya-wadya ingkang kepladjeng ladjeng asrah badan. Nanging wadyanipoen djéndral Ma waoe oegi wonten ingkang nempoeh oshan, inggih poenika satoenggiling setasioen sepoer ingkang wekasan. Wonten ingrikoe ladjeng andjarah rajah. Wadya Djepan ladjeng mangsah gentos, sareng sampoen perang tigang djam, saged ngawonaken mengsah. Djéndral Ma Chan San ladjeng anggelengaken wadyanipoen ingkang sampoen pating blesar, ladjeng saged madeg santosa malih.

Brandal nempoeh Acheng. Sagolonganing brandal tjatjah 6000 nempoeh dateng panggénan-panggénan ingkang tijangipoen katah, djalaran sami kekirangan teda. Toemrap brandal ingkang gadah mrijem ladjeng tjampoeh kalijan wadya Djepan, nanging golongan brandal kawon. Brandal tiwas 50. Para brandal sanèsipoen saja resah, andjarah rajah samargi-margi.

EROPA.

Tijang ingkang nangani tilas nata ing Sepanjol dipoen tjepeng poelisi. Katjarijos nalika Alfonso tilas nata ing Sepanjol doemoegi Marseille dipoen tangani ing tijang. Déné ingkang nangani waoe sawenèhipoen koeli bangsa Sepanjol nama Gonzales Macanares. Inginggil poenika gambaripoen tijang waoe nalika dipoen tjepeng ing poelisi.

Lajonipoen president Doumer nalika wonten ing kréta. Para maos kados taksih ènget dateng bab sédanipoen president Doumer ing Prantjis. Inginggil poenika gambaripoen lajoning sang president waoe nalika kaemot ing kréta badé kabekta dateng grédja Notre Dame.

ក្រសួងសេដ្ឋកិច្ច និងហិរញ្ញវត្ថុ

២០០២ ៖

ក្រសួងសេដ្ឋកិច្ច និងហិរញ្ញវត្ថុ ជាក្រសួងមួយដ៏ធំ ដែលមានមុខងារ ១ ១ ១

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible] 1 [illegible] 0 [illegible] 1 2 3 4 5 6 7 8 9 0 [illegible] 3 [illegible] 8 [illegible] 8 [illegible]

[illegible] 13 [illegible] . . . . . 18 = [illegible]

[illegible] 2 = [illegible] 1 [illegible] 2 [illegible] 3 [illegible] 4 [illegible] 5 [illegible] 6 [illegible] 7 [illegible] 8 [illegible] 9 [illegible] 0 [illegible]

[illegible] 5637812490 [illegible] 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1 1. [illegible]

ᠬᠣᠯᠪᠣᠭᠳᠠᠭᠠᠨ ᠪᠣᠯᠤᠨ᠂

॥ अनादिमुक्तोऽपि कथं बन्धमोक्षौ ॥

ગામ ગામ ગામ

f 0.15 ગામ્ડા , ૪૮ ગામ , પૃષ્ઠ

ગામડાંનાં ગામ ગામ , ગામ ગામ ગામ

X-LTS 152-288 D

LEVER BROTHERS LIMITED, PORT SUNLIGHT, ENGELAND